

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kangaranan urang Sunda, ku jegirna gunung Tangkuban Parahu nu aya di sakaléreun kota Bandung, moal weléh ngarasa diingetan yén dina jaman baheula aya hiji dongéng nu didongéngkeun deui. Hiji carita éta geus dipikawanoh di tanah Sunda ku mangpirang-pirang tempat nu jadi sasakalana, misalna di Purwakarta aya Sanghiang Kendit nu cenah urut Sang Kuriang ngabendung Citarum pikeun nyieun lalayaran jeung Dayang Sumbi, atawa di wewengkon Sukabumi aya tempat nu loba batu ali, di dinya cenah Dayang Sumbi diudag-udag ku Sang Kuriang kungsi ragrag alina. Ku kituna, sok sanajan teu sarua dina tempat kajadianana, teu sarua dina galurna, tapi ari caritana mah éta-éta kénéh, nyaritakeun hiji lalaki nu bogoh ka indung. Carita-carita Sang Kuriang nu aya di sakuliah Sunda téh geus jadi carita rakyat anu sumebar di mana-mana.

Carita rakyat dina khazanah sastra Sunda mangrupa salah sahiji warisan jeung budaya anu perlu dimumulé. Dina hakékatna carita rakyat mangrupa kapercayaan, légenda, jeung adat istiadat hiji bangsa nu diwariskeun sacara lisan atawa tulisan. Wangunna bisa mangrupa lalaguan, carita, paribasa, teka-teki, atawa kaulinan barudak nurutkeun Sudjiman dina Supriadi (2012, kc. 1). Sang Kuriang mangrupa salah sahiji carita rakyat anu boga ajén budaya linuhung sarta nyaritakeun ngeunaan asal-muasal Gunung Tangkuban Parahu. Awal sumebarna ditepikeun sacara lisan tapi dina mangsa ayeuna mah carita Sang Kuriang geus loba dibukukeun, didramakeun malah ditransformasikeun kana film layar lebar. Contona waé buku *“Dongeng Klasik Indonesia Sang Kuriang”* nu dibukukukeun ku Sanggar tumpal, drama musikal *“Sang Kuriang: Legenda Tatar Sunda dalam Nuansa Kontemporer”* dina naskah Utuy T. Sontani anu geus dipidangkeun ku Universitas Katolik Parahyangan Bandung taun 2013, jeung Film layar lebar *“Legenda Sang Kuriang”* produksi Rapi Films taun 1982 anu dilakonkeun ku Clif Sangra, jeung Suzzana. Salah sahiji karya séjénna nya éta naskah drama *“Sang kuriang”* karya Utuy T. Sontani.

Ieu naskah kungsi dimuat dina majalah *Warga* dina taun 1954 kitu deui librétona "*Sang Kuriang*" anu dibukukeun ku pamedal Bharatara taun 1963. Utuy T. Sontani dianggap salah sahiji pangarang drama Indonésia anu pangkuatna (Rosidi dina Sontani, 2014 kc. 2). Dina taun 1952 meunang Hadiah Badan Musawarat Kebudayaan Nasional pikeun drama *Awal dan Mira*; taun 1957/1958 meunang deui hadiah BMKN pikeun drama *Saat Yang Genting*. Nepi ka kiwari hasil karyana masih dipintonkeun dina sababaraha acara festival.

Dina naskah drama "*Sang Kuriang*" karya Utuy T. Sontani aya sababaraha daya tarik tina segi akademik utamana pikeun siswa. Ieu naskah dibagi jadi dua bagian. Bagian anu kahiji judulna "*Sang Kuriang*", anu mangrupa libréto dua babak. Libréto nya éta laguaneun dina opera. Jadi, lamun *Sang Kuriang* dipintonkeun kudu bari dikawihkeun, cara dina gending karesmén. Ari dina bagian kadua dijudulan "*Sangkuriang- Dayang Sumbi*" anu mangrupa drama tilu bagian. Ieu naskah ogé nyaritakeun légenda *Sang Kuriang* anu ku pangarangna ieu tokoh digambarkeun jadi karakter nu bisa ditingali dina sisi anu béda.

Ngaliwatan tokoh *Dayang Sumbi*, Utuy T. Sontani ngagambarkeun sosok wanoja resep kana ninun anu mangrupa cicirén has budaya Indonesia jeung sosok *Sang Kuriang* anu jujur jeung tanggung jawab. Sikep ieu bisa dijadikeun acuan pikeun nyangking ajén inajén nu aya dina téks naskah pikeun ngungkulan hal-hal anu sifatna goréng. Ieu naskah drama téh boga ajén-ajén jeung amanat anu aya mangpaatna upama dijadikeun objek panalungtikan anu hasilna bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII. Pikeun nyangkem ma'na jeung amanat anu ditepikeun ku pangarang dina naskah drama "*Sang Kuriang*" karya Utuy T. Sontani, aya struktur jeung unsur-unsur nu kapaluruh salah sahijina fakta carita. Dina sababaraha unsur struktural nu aya, fakta carita leuwih ngaguar ngeunaan (1) alur, (2) latar, jeung (3) panokohan. Sababaraha watek nu aya dina naskah mangrupa gambaran kahirupan manusa anu aya patalina jeung ajén moral.

Ajén moral perlu dilarapkeun ti leuleutik di lingkungan kulawarga, nu fungsina pikeun cecekelan atawa dadasar dina kahirupan. Salian ti kulawarga, di lingkungan anu sifatna formal saperti di sakola ajén moral téh kudu diajarkeun, ku sabab dina kahirupan sapopoé manusa moal bisa leupas tina moral. Ajén-inajén

Gina Devina, 2019

**FAKTA CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NASKAH DRAMA "SANG KURIANG" KARYA UTUY T. SONTANI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMADI SMA KELAS XII**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

moral mangrupa tinimbang nu dipaké di masarakat. Nurutkeun Suseno dina Budiningsih (2008, kc.24) moral téh nyoko kana hadé goréngna tingkah laku manusa, jadi widang moral mangrupa widang kahirupan anu dititénan tina kahadéan salaku manusa. Ku kituna, réa pangarang anu ngébréhkeun ngeunaan moral dina karya sastra anu bisa jadi hiji saran atawa méré bongbolongan pikeun nu maca, sangkan nu maca bisa nyangking ajén-ajén kahirupan jeung mampuh ngalarapkeun dina kahirupan nyata.

Ieu panalungtikan dipatalikeun jeung pangajaran di sakola, sangkan rumaja ayeuna wanoh kana karya sastra Sunda hususna naskah drama tur bisa ngajembaran pangaweruh sarta pamahaman dina ngaapprésiasi karya sastra. Naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani bisa dijadikeun bahan ajar, sabab dina ieu naskah aya sababaraha ajén moral, ajén budaya, jeung karakter positif anu saluyu jeung kaayaan émosional siswa SMA sarta euyeub ku ajén-ajén kahirupan tur bisa ngaronjatkeun aprésiasi siswa kana karya sastra.

Panalungtikan ngeunaan fakta carita jeung ajén moral memang geus dilaksanakeun saméméhna ku sababaraha panalungtik dina wangun skripsi diantarana nya éta: “Struktur jeung Ajén Moral dina Novél Surat Wasiat Karangan Samsodi” (Nurasiah, Ira. 2018) anu ngaguar struktur carita ti mimiti struktur faktual, téma, sarana jeung ajén moral nu nyampak dina novél Surat Wasiat karangan Samsodi, ogé aya “Analisis Moral dalam Novel Surat Kecil Untuk Tuhan” (Setyawati. 2018) anu nganalisis ajén moralna, “Ajén Moral dina Rumpaka 17 Pupuh Karya Atik Soepandi Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA” (Awaludin, Dienal. 2017) anu nganalisis ngeunaan ajén moral dina rumpaka pupuh tuluy dipatalikeun jeung bahan pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA . “Analisis Struktur jeung Ajén Moral dina kumpulan Naskah Drama *Kalangkang Urang* karya Arthur S. Nalan” ku Wulan Nur Eryanti taun 2015. Ieu panalungtikan ngaguar ngeunaan ajén moral jeung struktural dina tujuh naskah drama. Struktur carita anu dianalisis dina ieu panalungtikan ngawengku téma, galur, latar, tokoh jeung watekna sarta amanat. Katiten yén tina tujuh naskah drama anu di analisis teh aya 31 ajén moral anu kapanggih, nyaéta genep ajén moral manusa ka pangéran, tujuh ajén moral manusa ka dirina sorangan, opat

Gina Devina, 2019

**FAKTA CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NASKAH DRAMA “SANG KURIANG” KARYA UTUY T.SONTANI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMADI SMA KELAS XII**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

belas ajén moral manusa ka manusa séjén, dua ajén moral manusa ka alam, sarta dua ajén moral manusa pikeun ngahontal kasugemaan lahiriah jeung batiniah.

“Analisis Ajén Moral dina Novél *Payung Butut* karya Ahmad Bakri” ku Jajat Jatirasa taun 2011. Ieu panalungtikan ngadéskripsikeun ngeunaan ajén moral anu aya dina novél *Payung Butut* karya Akhmad Bakri, nu ngawengku ajén moral narima kana takdir, rasa nyaah jeung amal jariah, kawijaksanaan jeung kaadilan, silih ajénan jeung silih hormatan, handap asor, silih tulungan, kasabaran kaimanan, silih pikanyaah, babakti, kajujuran, kasadaran sarta du’ a jeung ihtiar.

Sok sanajan geus aya panalungtikan anu medar ngeunaan Struktur jeung ajén moral, bédana dina ieu panalungtikan leuwih tujul kana fakta carita jeung ajén moral lantaran ieu naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani eyeub ku ajén-ajén moral anu anu digambarkeun ku paripolah, paguneman, jeung pikiran tokoh-tokohna pikeun implementasi di masarakat, panalungtikan kudu dipedar pikeun méré informasi kanu maca jeung bisa méré pangaweruh dina unsur struktur faktual jeung ajén moralna. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Fakta Carita jeung Ajén Moral dina Naskah Drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani Pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Drama di SMA kelas XII”.

## 1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan nu geus dipedar, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) fakta carita mangrupa salah sahiji hal anu penting dina karya sastra, ku sabab fakta carita mangrupa unsur pangwangunna. Kukituna pikeun mesek naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani ngagunakeun ulikan struktualisme.
- 2) lian ti strukturna dina naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani kapaluruh ajén-ajén moral anu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA.
- 3) panalungtik can manggih panalungtikan séjén ngeunaan fakta carita jeung ajén moral dina naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani di saluareun basa Sunda.

Gina Devina, 2019

**FAKTA CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NASKAH DRAMA “SANG KURIANG” KARYA UTUY T. SONTANI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMADI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipedar, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti dina ieu pertanyaan.

- 1) Naon waé fakta carita dina naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani ?
- 2) Naon waé ajén moral nu aya dina naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani ?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII?

### 1.4 Tujuan Panalungtikan

#### 1.4.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan dilaksanakeunna ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun fakta carita jeung ajén moral nu aya dina naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani.

#### 1.4.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hal-hal saperti ieu dihandap.

- 1) Ngadéskripsikeun fakta carita nu aya dina naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani.
- 2) Ajén moral nu nyampak dina naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani.
- 3) Larapna hasil panalungtikan dina naskah drama “Sang Kuriang” karya Utuy T. Sontani pikeun bahan pangajaran aprésiasi drama di SMA kelas XII.

### 1.5 Manfaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngawengku dua mangpaat diantarana nya éta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

Gina Devina, 2019

*FAKTA CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NASKAH DRAMA “SANG KURIANG” KARYA UTUY T. SONTANI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMADI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1.5.1 Mangpaat Téoritis

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa digunakeun salaku dadasar pikeun maham ajén moral dina naskah drama *Sang Kuriang*. Ogé dipiharep bisa méré sumbangan kana kamekaran karya sastra anu ngandung ajén moral.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan mangpaat pikeun panalungtik nya éta pikeun nambahan pangalaman panalungtikan sastra, utamana dina karya sastra wangun naskah drama, sedengkeun pikeun pamaca bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan karya sastra.

## 1.6 Raraga Tulisan

Raraga tulisan boga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan sistematika dina ieu panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab, saperti anu dipedar ieu di handap.

Bab I mangrupa bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat teoritis, mangpaaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II eusina ngajéntrikeun ngeunaan téori-téori nu ngadadasaran jeung ngarojong kana ieu panalungtikan. Ieu bab ngawengku ulikan pustaka, anu eusina téori ngeunaan papasingan drama, struktur drama, galur carita drama, jenis-jenis drama, unsur-unsur drama, fakta carita, moral, bahan pangajaran anu dipatalikeun jeung masalah anu ditalungtik, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III eusina ngeunaan metode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan, nya éta ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, téknik panalungtikan (téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data), sarta instrumén panalungtikan.

Bab IV eusina ngeunaan analisis data jeung pedaran hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung téori-téori dina bab II.

Bab V eusina mangrupa kacindekan, implikasi, jeung saran pikeun panalungtikan satuluyna. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar patalékan

anu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékomendasi ka pihak-pihak anu aya patalina jeung hasil panalungtikan, pikeun aya lajuninglaku pikeun panalungtikan satuluyna.

Gina Devina, 2019

*FAKTA CARITA JEUNG AJÉN MORAL DINA NASKAH DRAMA "SANG KURIANG" KARYA UTUY T.SONTANI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI DRAMADI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](https://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](https://perpustakaan.upi.edu)